



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INOGIRASYON TRAVAY ETABLISMAN PLIZYÈ IZAJ
POU 28.3 MILYON DOLA A NAN ANBA LAVIL BINGHAMTON**

Devlopman Pwopriyete Vid yo Ap Sipòte Efò Revitalizasyon Anba Lavil yo

*Pwojè a Resevwa Soutyen Pwogram “Southern Tier Soaring” lan – ki se Plan
Reyisi Rejyon an pou Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvo Opòtinite*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Newman Development Group, LLC (NDG) te lanse travay pwojè devlopman imèb 170,000 pye kare a nan anba lavil Binghamton. Pwojè plizyè milyon dola a ap enkli espas komèsyal ak vant an detay e k ap genyen tou opsyon lwaye lojman nan pri mache a nan sit la, ki sitiye nan 50 Front Street. Pwojè a sou kote Rivyè Chenango, an fas nouvo kanpis anba lavil Binghamton University nan. Pou fè wout pou pwojè a, konpayi ki devlope l la te demoli ansyen Sheraton Hotel nan, ki te rete vid sou sit la.

“Investisman enpòtan sa ap ede kreye yon nouvo ankraj pou anba lavil Binghamton nan, k ap sipòte kwasans epi ede pouse plis aktivite ekonomik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak lansman nouvo pwojè sa, n ap poze fondasyon pou yon avni ki pi solid, pi pwospè pou tout rejyon an pandan zòn Southern Tier a ap kontinye avanse.”

Pou ankouraje Newman Development Group kontinye pwojè a, Empire State Development ap founi jiska 3 milyon dola atravè yon sibvansyon devlopman kapital. Depans total pwojè a plis pase 28.3 milyon dola e yo prevwa pou l fini nan Desanm 2018.

Atravè nouvo konstriksyon an, redevlopman ak re-izasyon adaptab, Newman Development Group te etabli pwojè plizyè izaj komèsyal ak endistriyèl k ap sèvi divès kliyan an ki vize kreyasyon pwojè ki reyisi k ap favorize devlopman ekonomik ak sosyal yo. NDG, ki se yon konpayi imobilye divèsifye, premye klas, ki gen plis pase 40 ane operasyon reyisi, te emèje kòm yon lidè nasyonal nan devlopman imobilye ak biwo New York, Pennsylvania ak California.

Pwojè anvan NDG yo enkli, Twin River Commons (TRC), yon apatman etidyan premye klas ki te ouvri an Jwiyè 2012. Devlopman an sitiye nan distri biznis prensipal Vil Binghamton, a kote Anba Lavil Binghamton University nan e a anviwon 5 km kanpis

prensipal la nan Vestal. Se NDG Student Living™ ki devlope epi posede TRC; pwopriyete sa te deziyen tou pou reponn a bezwen kominote a pou atire plis etidyan nan anba lavil la, sipòte investisman akote Inivèsite a nan Vil la, epi revitalize yon sit degrade ki sansib sou pwen ekolojik ak akeyolojik.

Manm Jesyon Newman Development Group, Marc Newman, te deklare, “Pwojè sa se yon egzanp pafè de yon patanarya prive ak piblik k ap travay ansanm pou redevlope yon sit iben ki degrade. Se avèk anpil plezi e avèk fyète ke NDG fyè pou l rele Greater Binghamton nan lakay li”.

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te di, “Ranfòsman anba lavil Binghamton se yon pati kle nan plan devlopman ekonomik rejyonal Southern Tier Soaring lan. Pwojè sa ap ede respire nouvo lavi nan anba lavil la, k ap atire rezidan ak biznis toutotan rejyon an ap travay pou rekonstwi katye ki defavorize yo”.

Tom Tranter, ki se Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier (Southern Tier Regional Economic Development Council, STREDC), Prezidan ak PDG Corning Enterprises ak Harvey Stenger, Prezidan Binghamton University, te deklare, “STREDC fyè pou l sipòte investisman eksitan sa nan kad efò Southern Tier Soaring lan k ap travay pou revitalize anba lavil atravè rejyon an. Pwojè devlopman tankou sa yo enpòtan anpil pou siksè rejyon an e pou avni li. Gras ak angajman Gouvènè Cuomo pou jenere kwasans ekonomik nan rejyon Nò eta a, Southern Tier ap kontinye avanse nan bon direksyon an”.

Senatè Fred Akshar te di, “Nou tèlman chance pou genyen patnè kominotè nan tout nivo k ap travay ansanm pou transfòme dezòd yo an opòtinite nan Anba Lavil Binghamton. Empire State Development, Newman Development Group, Broome County Land Bank, The Agency lan, ak lòt òganizasyon te fè yon travay etonan k ap kontribye nan pwojè sa epi fè investisman enpòtan, ki ka transfòme avni nou. Kalite patenarya sa yo enpòtan nan wout pou yon kominote ki pi dinamik epi pi pwospè”.

Manm Asanble Donna Lupardo te di, “Pwojè sa konble de pati enpòtan ki antre nan re-devlopman ekonomik kontini rejyon nou an. Li elimine yon gwo laperèz nan kè kominote nou an pandan l ap founi lojman nan pri mache a ak espas komèsyal. Mwen kontan ke tout moun ki enplike yo mete tèt yo ansanm pou fè pwojè sa avanse. Achèvmman li ap vrèman amelyore katye a”.

Kad Egzekitif Konte Broome, Jason Garnar, te deklare, “Amelyorasyon ki fèt nan 50 front St. yo pa pral sèlman elimine koripsyon nan kominote nou an, yo pral fè yon long wout nan kreye bon lojman pou moun Konte Broome yo. Mèsi a Newman Development Group pou ekselan travay y ap fè a”.

Prezidan Lejislati Konte Broome nan, Daniel J. Reynolds, te deklare, “Mwen voye remèsiman bay Marc Newman ak Newman Development Group pou angajman kontini yo nan Konte Broome. Pwojè sa se yon gwo egzanp de Konte, Vil ak Eta k ap travay

ansanm ak sektè prive a pou ramne pwopriyete kowonpi yo a lavi”.

Majistra Binghamton nan, Richard David, te deklare, “Twonson Front Street la pap defini ankò pa yon orè k ap deteryore epi degradan. Men olye sa, ak pwojè sa, yon devlopman plizyè izaj ki vo plizyè milyon dola, sa ap fòtifye katye a epi aji kòm yon katalizè pou revitalizasyon sou sit rivyè a. Tout vil la ap benefisye lè yon lòt pwopriyete pral peye taks, plis lojman nan pri mache a ap vin disponib e plis rezidan ak biznis ap atire nan rejyon an”.

Direktè Egzekitif The Agency a, Kevin McLaughlin te di, “The Agency lan trè fyè pou sipòte pwojè pasyonan sa. Pwojè sa ap rive lwen pou atire nouvo opòtinite pou devlope biznis ak pwofesyonèl ki gen talan nan zòn nou an”.

Direktè Egzekitif Broome County Land Bank, Margaret Scarinzi, te deklare, “Se yon jounen pasyonan pou Broome County Land Bank. Pandan twa zan, nou te travay ansanm ak patnè nou Newman Development Group, Konte Broome, Vil Binghamton, Empire State Development, ak The Agency lan pou fè pwojè sa pote fwi, nou kontan anpil pou selebre kòmansman pwojè yo tap tann depi lontan sa e nou gen antouzyas pou enpak pozitif ke l ap genyen sou kot Lwès Binghamton”.

Pou plis enfòmasyon konsènan Newman Development Group, LLC, klike [isit la](#).

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplete pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 3.1 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè Southern Tier Soaring ak yon envestisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalisation Eta a, jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Investisman 500 milyon dola eta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li te soumèt la, gen pwojè pou bay jiska 10,200 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418